Гъатхэпэм и 22-м Гъэрэ Щыгъ зэхокI

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОKI

№48 (21.956) ● 2011 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 22, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лIыкIуэу Санкт-Петербург къалэм эпымыууэ щыIэм и Iуэхущ1апIэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Урысей Федерацэм и субъектэм я къэрал властым и лIыкIуэ (законхэр къыдэзыгъэкI), гъэзэщIакIуэ органхэр къызэрагъэпщIауэ теухуауэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 17 статьям и пункт 4-м, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым якIе иткIэикIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iуэхухэр Урысей Федерацэм и Ищхьэрэ-Къуэкъпэ щIыналъэм щызэгъэкIуэн мурадкIэ **унафэ соиI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лIыкIуэу Санкт-Петербург къалэм эпымыууэ щыIэм и Iуэхущ1апIэ къызэгъэпэщын.

2. Къэщтэн мы Указым щIыгъуэху:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лIыкIуэу Санкт-Петербург къалэм эпымыууэ щыIэм и Iуэхущ1апIэм теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лIыкIуэу Санкт-Петербург къалэм эпымыууэ щыIэм и Iуэхущ1апIэм и гъэзэкIуэн.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтыгъуэ щыт мы Указыр гъэзэщIэным текIуэдэну ахъшэр къызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я зэхэлъыкIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м кьыдигъэкIа Указ №108-УП-мкIэ къыщIам, зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэн якIи абы и пункт 3-м хэт «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыууэ щыIэм и Iуэхущ1апIэр» псалъэхэм къакIэлъыкIуэу дэщIыгъуэкIи «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лIыкIуэу Санкт-Петербург къалэм зэпымыууэ щыIэм и Iуэхущ1апIэр» жиIэу.

5. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ

2011 гъэм гъатхэпэм и 14-м

№27-УП

Зэфiагъэкiахэмрэ къапэщытхэмрэ щытопсэлъыхь

Гъатхэпэм и 15-м Есэнтыгу къалэм щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым деж къэзакъэм я IуэхуэмкIэ щыIэ Советым хэт Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и комиссэм и зэIущIэ. Абы ирихьэлIащ Тэрч къэзакъыдзэ обществэм и атаман Бондарев Василий. Ставропольемрэ Владикавказрэ я архиепископ Феофан. ТКВО-м хыхьэ окружной къазакъ обществэхэм я атаманхэр, округым и щIыналъэхэм я гъэзэщIакIуэ властым и органхэмрэ жылагъуэ организацэхэмрэ я унафэщIхэр. Зэхыхьэр иригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФШ-м щыIэм и Аппаратым Къэрал кIуэцI политикэм и IуэхуэмкIэ и департаментым и Iэтащхьэ Маркелов Михаил. Къызэхуэсахэм нэгъабэ зэфIагъэкIахэр зэхалъхьэжащ, мы гъэм къапэщытхэр ягъэбелджылащ.

МАРКЕЛОВ Михаил къызэрилъытэмкIэ, Тэрч къэзакъэм я лэжьыгъэр мыхьэнэ хэха зиIэ унэтIыныгъэ зыбжанэм щагъэлъэщын хуейщ. Къэпщтэмэ, вакцинэм и щIыпIэ, куей Iэнатlэхэм къэзакъэм я лIыкIуэ нэхъыбэ хагъэхьапхъэщ. Нобэр кьыздэсым а Iуэхур тэмэму зэтеуухуа кьуакъым. Абы и щыхьэтщ тхьэмахуэ махуэ кIуэм зэхэта хэхыныгъэхэм къэзакъэм ящыщ кандидатхэр зэрыпхрымыкIар. «Власть» и партиимрэ «Единая» политикэ партхэмрэ я лIыкIуэхэр я щIэгъэкъэужну щытыкIэм зрагъэхъуэжыну къапэщытщ.

Къэзакъэхэр щIалэгъуалэм зэрадолажьэм арэзы ухъмащIырэхьмI. Маркелов Михаил зэрыжиIамкIэ, абыхэм хуагъэльэгъуэн къэзакъ обществэхэм я лэкъым икIи къызэхуэсахэм ягу къиГъэжIыжащ щIыналъэм щIалэгъуалэ советрэ Кавказ Ищхьэрэм и щIалэгъуалэм я зэгухьанысагъэрэ къыщIызэрагъэпэщу, тIуми къэзакъ щIалэгъуалэм я хэщIапIэ къыщIэзIухын зэрыхуейр.

Бондарев Василийрэ окружной обществэхэм я атаманхэмрэ зэгъэнэIуащ Тэрч къэзакъэм я зыужьыныгъэр зэтезыIыгъэ лъэпощхьэпо зыбжанэ. ТКВО-м хыхьэ къэзакъ мин 34-м щыщу къэралым кьулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр хуащIэну Iэмал зыгъэтар процентэ 10-м нэсщ.

Тэрч-Балъкъ окружной къэзакъ обществэм и атаман Любуня Николай кьытеуиныщ: 2008 гъэм курыт зэрыпхъуакIуэм я лэпуэ щIэуа Урысейм и мамырщIэкъу дзэхэм ди хэкуэгъуэхэр зэрыхэтам, ауэ абы теуухуа статусыр иджыри кьызыдэсым кьызэрымыгъэжам.

НэгъуэщI Iуэхугъуэхэри зэпкърахащ. Адрейхэми ящIыгъуу зэIущIэм кьыщащтащ «Тэрчдзэхэр» щIыналъэ зэхуаку жылагъуэ щIалэгъуалэр организацэ кьызэгъэпэщыным теухуа унафэ.

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм Къэрал кIуэцI политикэм и IуэхукIэ щIэгъэкъуэн департамент.

● Дыгъуасэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЩIалэгъуалэр къыхураджэ

КъБР-м и ЩIалэгъуалэ Парламентым, Правительствэм, ЩIалэгъуалэм я Урысейпсо союзым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм, «Гвардие ныбжьыщIэ» зэгухьаныгъэм хэтыгъэ зэгъэзэжу зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абыхэм ныхъкалъхьащ

КъБР-м и Президентым иригъэкIуэкI гъэжьыгъэр дэIыгъын, щIалэгъуалэр зэщIэгъэзуIуауэ зы гъэзэгу зэдытеуэн папщIэ щыIэ хэбзэIуплъэгъэ кьыщыгъэтхъуа дэфтэр ягъэхьэзыру КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щIыналъэм щIэ Хлопонин Александр, республикэм и жылагъуэм хуагъэхьыну.

КъБР-м и ЩIалэгъуалэ Парламентым и унафэщI **Шыпин Аслъан** жиIащ республикэм щIыналъэ щыпытыкIэм зэриГъэгузавэр, ар зэпIэзэрыт хъужын папщIэ, гупсысэкIэ зырыз зиIэ щIалэгъуалэр зэкъуэувэу зэдзэлэжьэн зэрыхуейр.

- Псом ящIэу дыдзэпIын хуейр кьыдэкIуэтей щIалэхэмрэ пщащхэмрэ дэ щапхъэ кьызэрыптрахырыр, абы ипкъ иткIэ, зы Iуэху еплыкIэ зэфIэдгъэувэу зэрыпхыдгъэкIыным нужь дитыпхьэщ, - жиIащ Шыпшым. - Нобэ гъэзэгу пхэнж кьыкъэзыха гупым ди жылагъуэр зыкIи зыхуэмей гупсысэ гъэрхэм трагъэхуэну нужь итщ. Мис абы щIалэгъуалэр пIэпIэщ щыным ди нэIэ тедгъэтыныр Iэмал зимыIэщ. Дэ дызыхуейр зыужьыныгъэр зи пIалъэ, щIэ гуэрхэм ухуэмкIэ щыналъэм дыщыпсэунырц. Абы папщIэ дыхъэмэн-джащу зы кьаруу гъэзэщ гъэзэгу зэрыхуейр хуейщ. Гъуаз гъэзэгу зэрыхуейр республикэм и Iэтащхьэм, кьэралым и унафэщIэм я IуэхущIафэхэрщ, абыхэм дакIэпытыпIуу дэ, щIалэгъуалэм, ди гупсысэ дубзыухужьи хуейуэ аращ.

КъБР-м и Правительствэм и унафэщI **Щокъарэ Залинэ** кьыхигъэщащ Iуэху мыхъумыщIэхэм нэхъыбэу дихьэхыр щIалэгъуалэр арауэ, абыхэм хуабжьу хуейуэ зэпыкIын хуейуэ махуэ кьэс зэрыжаIэр.

- Пэжыр кьащтэмэ, ди республикэм щIалэгъуалэм гупытэшхэр щыхущI, я Iуэху еплыкIэри кьыщацIытэ, - жиIащ Залинэ. - Уеблэмэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгуэгъэ абы и лъэныкъуэкIэ кьытIэщIыхьэрыкIы. Дэ щIалэгъуалэ зэгухьанысагъэ диIэм, абыхэм ирагъэкIэ Iуэхугъуэхэм хуэдэ кьэгъэуIытыгъуейщ. Ди ныбжьыщIэхэр кьыхуедджэну дыхуейщ радикальнэ гупхэм я жьIэм щIэмыувэну, фIымрэ Iеймрэ зэхагъэкIыфу, гъэгу пэж кьыхахыфу зрагъэсэну.

Гвардие ныбжьыщIэ» зэгухьанысагъэм и Iэтащхьэ **Гекиев Сультан** кьыхигъэщащ КъБР-м и ЩIалэгъуалэ Правительствэмрэ Парламентымрэ хэтэхэм я гупсысэкIэм езыхэм ейри зэрытехуэр, КъБР-м и Iэтащхьэм и Iуэхущ1афэхэр зэрыдальэрыр. Абы кьыхилъхьащ районхэм кIуэурэ щIалэгъуалэм епсэльэн, республикэм и зыужьыныгъэм папщIэ властым ящIэхэр яхуэзэпкърыхьын зэрыхуейр, нэгъуэщIхэри.

ЩIалэгъуалэм я Урысейпсо союзым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и кьуэдзэ **ЖьакIэмыхьу Жанно** жиIащ зэхуэса гупыр щхьуу зэдэлажьэкIэ я мурадыр кьаззремыхьулIэнур, атIэ сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрыт щIалэгъуалэри, еджапIэхэм щеджэ студентхэри зэкъуэгъуэкIуэ зэдзэлажьэн зэрыхуейр. Жанно кьыхиГъэщащ ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъхэм кьадекIуэкI хабзэр, щэнхабзэр, лъэпкъ зэныбжьыгъуэгъэ ягъэ игъэщауэ, зэпIэзэрыгъэныгъэм, зэгурыIуныгъэм гъабжьэ хуэщIын зэрыхуейр.

АдэкIэ республикэм щIыщIэ щытыкIэр ефIэкIуэн папщIэ, щIалэгъуалэм яхь жэуапIныныгъэр зыхуэдэр, унафэщIхэм ящIэн хуейуэ кьаIытхэхэм тепсэтыхьащ **Узденов Расул, Темуквэв Малик** сымэ, нэгъуэщIхэри. ЩIалэгъуалэм ягъэхъэзыра дэфтэрым кьыщыхьа Iуэхугъуэхэм кIэщIу тепсэтыхьащ **Абазэ Бэлтэ.**

НЭЩIЭПЫДЖЖ Замирэ.

ИлъэсыщIэр игъэлъапIэ

АДЫГЕЙ. ***Гъэрэ Щыгъ щыщхэкI махуэхуэр гъэлъапIэн щыщIадзащ Косовэ кьиIэпхъукIыжахэр щыпсэу Махуэхьэблэ жыларгъуэм. Абы теухуауэ Адыгейм щыщых хьэлэмэт щекIуэкIащ икIи ар щичхар жэщ ныкъуэм фIэкIауэщ.***

МЕЙКЪУАПЭ Лъэпкъ музейм и гупэм кьит унагъэ дежь пасэ зэманым кьежьауэ Гъэрэ Щыгъ щыпсэхэкIым ирагъэжьауэ хабзэр щрагъэкIуэкIащ. Махуэшхуэм кьрихьэлIащ.

Гъэрэ Щыгъ зэхэтхьэ ягъэльапIэ

Гъэрэ Щыгъ зэхэтхьэ, Гъэ къэсыхьэ зэхэкI. Зэм я гъуэгуэр зэтохьэ, Зэм я гъуэгуэр зэблокI.

Зыгъ ди гъащIэр кьыхокIыр, Гъэхэм гъащIэр пабжькI. Гъэрэ щыгъ зэхокIыр, Зэхуакъутэу я бжьыкI.

Жьым уэсукхъуэр кьыхеящ, Дыгъэм бзийхэр кьеший. Пшэ фIыщIэжьхэр кьэхаащу Уафэ джабэм допщей.

Шы зыуэрин мэджэрэзыр, МэкIэрахьэ дунейр. Гъэрэ щыгъ зэхокIыр Зэщыхуауэ я ней.

Зэрызохьэ кьуагрыжьхэр Бзэгуэхьэныр зи хьэл Кьаныжэм щIыр кьельэтыхьыр, ДимыгъэкIыу махуэл.

Лей зезыхьи хеищIи Щымыщ1эныр зи гъуэгу, Гунькьыуэгъуэ ущIыщIу Кьыпхуихуакьым, си щIыгу...

Зонькьуэкьу, зэрызохьэ, Щымыскьыжу удын, Тепщэныгъэм хущIокьуэкр, Бжьыпэр хэт иубыдын?!

Гъэрэ щIыгъ зэхокIыр, Зым и кIэн кьыжьакI.

Гъэрэ щIыгъ зэхокIыр, Махуэ кьэскIи зэхокI...

УЭРЭЗЕЙ Афлик.

Зэпэщ ящIыну хущIокъу

АБХЪАЗ. ***Къат куэду зэтет унэхэм лифтхэр щагъэуву щIадзащ. Куэмы-абхаз зи зауэм и лъэхъэнэм абыхэм я нэхъыбэм ныкъуасанигъэзэр ягъуэтауэ щытащ.***

МЫ ЗЭМАНЫМ Абхъазым лифт Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщыжыным, щIэхэр гъэувыным урысей экспертхэр ящIэжьащ. Iэщ1адзэ, Iэщ1адзэ, диспетчер Iуэхущ1апIэ къызэрагъэпэщ. Сочэ щекIуэкIыну Олимпиадэм ирихьэлIэу Сочэм и къалащхьэм и тепIэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ ящIыну я мурадщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●Прохладнэ куей

Сом мелуан 16-м нэблагъэ и уасэ

Куейм и жылагъуэ зыбжанэм дяпкIэ псыкI гупыкъуэгъуэ яIэжьыукым.

СОЛДАТСКЭ поселкэм зи пIалъэр икIа псы къыщIэщыпIэм и пIэкI кубометр 25-м тещIыхьа чэщанэ щаухуащ. А Iуэхум, апхуэдэу псынэпсыр зрикIуэ бжьамийуэ метр 30-хъужьыным щIыпIэ бюджетым щыщу сом мин 350-м нэблагъэ халъхьащ.

ЖКХ-м и Iэнатlэхэм теухуа республикэ программэм зэрыщыбубыхуам тету, Заречнэ къуажэм жьы хьуа псы къыщIэщыпIэр щызэрахьэкI. Нобэ ирихьэлIэу «Глюк» ООО-м и уахуаIуэхэм чэщанэр къытрахащ. Нэхъ хуабэ къызэрыхьуу, кубометр 25-рэ зэрыхуэну чэщанэщIэр зытрагъэуву бетон плитэр къращIыкIынущ. А лэжьыгъэр зэфIэкIмэ, жьыпэ дэсхэм я процент 90-м нэблагъэр псыкI къахузэгъэпэщынущ.

Мы гъэм и мазаем щыIа жьаращIыкIуэм КъэрэгъэщIу къуажэм и псы къыщIэщыпIэ нэхъыщIхьэм и чэщанэр кьагъуэати, куей муниципалитетыр къадэIэпыкъуэну, ар зэрызэрахьуэкIын кьащIухуащ. ЩIыпIэ администрацием и унафэщI Апшэбокъуэ Анзор зэрыжиIамкI, щIыIэр зэрытекIуэну, зэгъэпэщыжыныгъэ зэжьыгъэм щIэныгъэ къыхэтыщIыжыныгъэр, зым и унафэм щIэмыт гъэчылхэр, щIыхьэ къыхьэрагъэщIэ Iуэхущ1апIэхэр.

Фи дежкIэ - жылагъэм нэсу фыкъэзэгъэжьынымкIэ, ди дежкIэ - гъэгу пхэжьым теува ди бынхэм кьедгъэгъэзэжьынымкIэ, залымыгъэм кьыхэтыщжьынымкIэ ар хэкIыпIэ хъарзынэщ. Дыныволъэу, фи дежкIэ пIалъэу иджыри зыгуэр щыIэмэ, а хэкIыпIэр кьэвгъэсэбэпыну.

Фэр папщIэ адэмрэ анэмрэ я псалъэм иджыри мыхьэнэ гуэр иIэмэ, дыныволъэу, абы кьыщыIэмэ, ткIийуэ фхудоГъэув: фызыщIэгупсысыжь, икIэщIыпIэкIэ Iэщэр вгъэтIыпIи, фи Iуэхур захуагъэ хэлъу зэхэзыгъэкIынухэм я пащхьэ фиуву!

Къеблагъэ, Созрэщ!

Адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ ягъэльапIэ Гъэрэ Щыгъ щызэхэкI махуэр - гъатхэпэм и 22-р, ар Илъэсыщхьэу ялытэ, Къужьыпlэм щыпсэу лъэпкъ куэдыр абы Наурыжькlэ йоджэ.

ЩIэныгъэр щызыхэт зэрытехьэмкIэ, а махуэр муслымэн диным е христэн диным кьыдежьакъым, абыхэм нэхъри нэхь ныбжьыщхуэ иIэщ, цыхум Iэджэ щIэуэ кьыдэгъэуэгурыкIуэ хабзэхэм ящыщ.

Апхуэдэущ Гъэрэ Щыгъ щызэхэкI,махуэр адыгэхэм Iэрыльытэр - фIыгъуэмрэ берычэтIыгъэмрэ кьахуэзэыпх хабзэ дахэущ. А махуэм щыкуэр куэдкIэ щогуть: гъэфI техьэну, гъавэ бэв кьехьулIэну, мамырыгъэр насыпрэ щымыщIэну, МафIащхьэ джэд яукI Гъэрэ Щыгъ щызэхэкI махуэм, зыр зым и унэ ихьэурэ мэхъуахъуэ.

Хьан-Джэрий эзритхамкIэ, адыгэ унагъуэхэм Созрэщи пхъэлантхъэкIэ зэдэжэ зэрахьэу щытащ. Гъэрэ Щыгъ щызэхэкI махуэм Созрэщ и пхъэлантхъэкIэ зэдэжэ зэрахьэу щытащ. Гъэрэ Щыгъ щызэхэкI кIэщу тепсэтыхьащ **Абазэ Бэлтэ.**

НЭЩIЭПЫДЖЖ Замирэ.

Зым и кIэни къимыкI

Гъэрэ Щыгъ зэхокIыр, Гъэ къэсыхькIэ зэхокI. Зэм я гъуэгуэр зэтохьэ, Зэм я гъуэгуэр зэблокI.

Зым ди гъащIэр кьыхокIыр, Гъэхэм гъащIэр пабжькI. Гъэрэ щыгъ зэхокIыр, Зэхуакъутэу я бжьыкI.

Жьым уэсукхъуэр кьыхеящ, Дыгъэм бзийхэр кьеший. Пшэ фIыщIэжьхэр кьэхаащу Уафэ джабэм допщей.

Шы зыуэрин мэджэрэзыр, МэкIэрахьэ дунейр. Гъэрэ щыгъ зэхокIыр Зэщыхуауэ я ней.

Зэрызохьэ кьуагрыжьхэр Бзэгуэхьэныр зи хьэл Кьаныжэм щIыр кьельэтыхьыр, ДимыгъэкIыу махуэл.

Лей зезыхьи хеищIи Щымыщ1эныр зи гъуэгу, Гунькьыуэгъуэ ущIыщIу Кьыпхуихуакьым, си щIыгу...

Зонькьуэкьу, зэрызохьэ, Щымыскьыжу удын, Тепщэныгъэм хущIокьуэкр, Бжьыпэр хэт иубыдын?!

Гъэрэ щIыгъ зэхокIыр, Зым и кIэн кьыжьакI.

Гъэрэ щIыгъ зэхокIыр, Махуэ кьэскIи зэхокI...

УЭРЭЗЕЙ Афлик.

Бахъсэн районым щыщ адэ-анэ гупым къуаншагъэ зэрахьауэ шэч хуащIу къалыхъуэ я бынхэм зэрызыхуагъазэр

ИСЛЪАМ НЭСЫМ зыкIи къемызэгъыу фэ зэхэфIыкIых хабзэншагъэхэм республикэр лъыгъажэ зэуэм хэхуэным нафэсащ.

Фэ фи лей щIыу хей куэдым ятехьащ, сабийхэр зеиншэу кьэнащ, хэкIуадэхэм я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ гуауэм иригухащ. Фэ дэ гузэвэгъуэм дыхьэдзащ. Ди щхьэм фыщIымысхьажми, дэ гущIэгъу кьытхуэфщI.

Фэ кьывгурыIуэн хуейщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхьэ исым я нэхъыбапIэм хуэдэу дэ, фэ адэ-анэхэми, фи Iуэху еплъыкIэр, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, ар пхывгъэкIын папщIэ залымыгъэ ткIуэгум фызэрыгетыувар зэрывдэдмыIыгъыр. ГъашIэр нэпцIу кьывжаIэурэ фэ фыхагъэльэдащ, ауэ а гъащIэр Алыхым и тыгъэ лъапIэщ, пщIымрэ пэжымрэ зыщIэри Абы и закъуэщ. Псэуну зыхуэфащэми лIэн хуейми и унафэр фщIыну фэ Ди щхьэщыгум итыми и пащхьэ фыкIыкIакъым.

Фэ фыщоуэ, абы кьыхэкIыу ди фыкIыхудожь фызыщIэгупсысыжьыну. Алыхым и хьэтыркIэ фи бынхэм факъыпхьхэж. Ахэр фэ кьыфпоплъэ. Ди адэ-анэхэри дыщогугъ фызэрыщIыуар кьывгурыIуэжу кьэвгъэзэжьыну.

Мазаем и 25-м дэ ди республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен дыкъузащ. Жылагъуэ лIыкIуэхэри щыту дэ абы бындэу дыкьыгъэгугъащ. Фэ фи жэрдэмкIэ фыкIуэрэ хабзэхъумэ органхэм зефту щытмэ, фи Iуэхур нэфI-неI хэмылIу зэхагъэкIынымкIэ, захуагъэ зыхэлъ унафэ судым кьищтэнымкIэ езыр щэспIэу увыну. Абы икъыкIэ мыкьэнэщхъу иIэщ, сыту жьIэмэ, фэ фыщIщ куэдым лъы ягъэжакъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым дызэрыгурыIуам тету, следствиер, судыр зэрырагъэкIуэкIым кIэлъыплъынущ пщIэшхэу зиIэ щIыхуу дэ дзяхь зыхуэтщIэжр, щIыхуэкъэ я хуитыныгъэхэм я кьыщхьэщыжкIуэхэр, зым и унафэм щIэмыт узчылхэр, щIыхьэ къыбгъэгъащIэ Iуэхущ1апIэхэр.

Фи дежкIэ - жылагъэм нэсу фыкъэзэгъэжьынымкIэ, ди дежкIэ - гъэгу пхэжьым теува ди бынхэм кьедгъэгъэзэжьынымкIэ, залымыгъэм кьыхэтыщжьынымкIэ ар хэкIыпIэ хъарзынэщ. Дыныволъэу, фи дежкIэ пIалъэу иджыри зыгуэр щыIэмэ, а хэкIыпIэр кьэвгъэсэбэпыну.

Фэр папщIэ адэмрэ анэмрэ я псалъэм иджыри мыхьэнэ гуэр иIэмэ, дыныволъэу, абы кьыщыIэмэ, ткIийуэ фхудоГъэув: фызыщIэгупсысыжь, икIэщIыпIэкIэ Iэщэр вгъэтIыпIи, фи Iуэхур захуагъэ хэлъу зэхэзыгъэкIынухэм я пащхьэ фиуву!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Санкт-Петербург къалэм эпымыууэ щыIэм и Iуэхущ1апIэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Урысей Федерацэм и субъектэм я къэрал властым и лIыкIуэ (законхэр къыдэзыгъэкI), гъэзэщIакIуэ органхэр къызэрагъэпщIауэ теухуауэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 17 статьям и пункт 4-м, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым якIе иткIэ икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iуэхухэр Урысей Федерацэм и Ищхьэрэ-Къуэкъпэ щIыналъэм щызэгъэкIуэн мурадкIэ **унафэ соиI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лIыкIуэу Санкт-Петербург къалэм эпымыууэ щыIэм и Iуэхущ1апIэ къызэрагъэпэщын.

2. Къэщтэн мы Указым щIыгъуэху:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лIыкIуэу Санкт-Петербург къалэм эпымыууэ щыIэм и Iуэхущ1апIэм теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лIыкIуэу Санкт-Петербург къалэм эпымыууэ щыIэм и Iуэхущ1апIэм и гъэзэкIуэн.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтыгъуэ щыт мы Указыр гъэзэщIэным текIуэдэну ахъшэр къызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я зэхэлъыкIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м кьыдигъэкIа Указ №108-УП-мкIэ къыщIам, зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэн якIи абы и пункт 3-м хэт «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыууэ щыIэм и Iуэхущ1апIэр» псалъэхэм къакIэлъыкIуэу дэщIыгъуэкIи «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лIыкIуэу Санкт-Петербург къалэм зэпымыууэ щыIэм и Iуэхущ1апIэр» жиIэу.

5. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ

2011 гъэм гъатхэпэм и 14-м

№27-УП

Зэфiагъэкiахэмрэ къапэщытхэмрэ щытопсэлъыхь

Гъатхэпэм и 15-м Есэнтыгу къалэм щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым деж къэзакъэм я IуэхуэмкIэ щыIэ Советым хэт Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и комиссэм и зэIущIэ. Абы ирихьэлIащ Тэрч къэзакъыдзэ обществэм и атаман Бондарев Василий. Ставропольемрэ Владикавказрэ я архиепископ Феофан. ТКВО-м хыхьэ окружной къазакъ обществэхэм я атаманхэр, округым и щIыналъэхэм я гъэзэщIакIуэ властым и органхэмрэ жылагъуэ организацэхэмрэ я унафэщIхэр. Зэхыхьэр иригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФШ-м щыIэм и Аппаратым Къэрал кIуэцI политикэм и IуэхуэмкIэ и департаментым и Iэтащхьэ Маркелов Михаил. Къызэхуэсахэм нэгъабэ зэфIагъэкIахэр зэхалъхьэжащ, мы гъэм къапэщытхэр ягъэбелджылащ.

МАРКЕЛОВ Михаил къызэрилъытэмкIэ, Тэрч къэзакъэм я лэжьыгъэр мыхьэнэ хэха зиIэ унэтIыныгъэ зыбжанэм щагъэлъэщын хуейщ. Къэпщтэмэ, вакцинэм и щIыпIэ, куей Iэнатlэхэм къэзакъэм я лIыкIуэ нэхъыбэ хагъэхьапхъэщ. Нобэр кьыздэсым а Iуэхур тэмэму зэтеуухуа кьуакъым. Абы и щыхьэтщ тхьэмахуэ махуэ кIуэм зэхэта хэхыныгъэхэм къэзакъэм ящыщ кандидатхэр зэрыпхрымыкIар. «Власть» и партиимрэ «Единая» политикэ партхэмрэ я лIыкIуэхэр я щIэгъэкъэужну щытыкIэм зрагъэхъуэжыну къапэщытщ.

Къэзакъэхэр щIалэгъуалэм зэрадолажьэм арэзы ухъмащIырэхьмI. Маркелов Михаил зэрыжиIамкIэ, абыхэм хуагъэльэгъуэн къэзакъэ обществэхэм я лэкъым икIи къызэхуэсахэм ягу къиГъэжIыжащ щIыналъэм щIалэгъуалэ советрэ Кавказ Ищхьэрэм и щIалэгъуалэм я зэгухьанысагъэрэ къыщIызэрагъэпэщу, тIуми къэзакъ щIалэгъуалэм я хэщIапIэ къыщIэзIухын зэрыхуейр.

Бондарев Василийрэ окружной обществэхэм я атаманхэмрэ зэгъэнэIуащ Тэрч къэзакъэм я зыужьыныгъэр зэтезыIыгъэ лъэпощхьэпо зыбжанэ. ТКВО-м хыхьэ къэзакъ мин 34-м щыщу къэралым кьулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр хуащIэну Iэмал зыгъэтар процентэ 10-м нэсщ.

Тэрч-Балъкъ окружной къэзакъ обществэм и атаман Любуня Николай кьытеуиныщ: 2008 гъэм курыт зэрыпхъуакIуэм я лэпуэ щIэуа Урысейм и мамырщIэкъу дзэхэм ди хэкуэгъуэхэр зэрыхэтам, ауэ абы теуухуа статусыр иджыри кьызыдэсым кьызэрымыгъэжам.

НэгъуэщI Iуэхугъуэхэри зэпкърахащ. Адрейхэми ящIыгъуу зэIущIэм кьыщащтащ «Тэрчдзэхэр» щIыналъэ зэхуаку жылагъуэ щIалэгъуалэр организацэ кьызэгъэпэщыным теухуа унафэ.

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм Къэрал кIуэцI политикэм и IуэхукIэ щIэгъэкъуэн департамент.

●Егъэджэныгъэ

НэхъыфIхэр кьыхах

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм кьызэригъэпэща зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ республикэм я егъэджакIуэхэр нэхъыфIхэр кьыщыхахыну зэпеуэр зэрекIуэкIыну щыIэкIэм.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Дорохинэ Лидие, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ щIэуэ кьыхьыхьэ Iуэхуэм кIэлъыплъэ департаментым и унафэщI Мурт1азэ Залымхан, егъэджэныгъэм зегъэужьыныгъэмрэ информатизацэмкIэ къудамэм и унафэщI Жариковэ Еленэ сымэ егъэджакIуэхэр щагъэлъэгъуэащ зэпеуэм и хабзэхэм икIи абыхэм я ущIэхэмэ жэуап иратащ.

Зэпеуэм хэтыну Iэмал иIэщ иIъэсищ хъуауэ я Iэнатlэм зэрыт дэтхэнэ зы егъэджакIуэми. Абы хэм я нэхъыфIыр кьыхахынущ Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм кьыгъэув зыкъхъэхэм тету. Нэхъыщхьэу абы кьыхахъэщхэм щыщщ егъэджакIуэм и гъэсэныгъэм зэпеуэ дахуэ мыдэхэм щызыIэригъэхьэ екъуэIэныгъэхэр, адрейхэми кьащтауэ езым и методикэ лэжьэкIэ иIэжьныр.

Зэхъэзэхуэм кьрикIуэхэм якIэ щIэныгъэ хуэм якIэ, егъэджакIуэ 23-рэ кьыхахынущ. Абы щыщу цIыхуи 8-м федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу сом мин 200-200 иратынущ, республикэ бюджетым щыщу сом мин 100 зыдзэкIэ егъэджакIуи 5-м, сом мин тхущI-тхущIкIэ мыдрей 10-м яхуэпсэнущ.

Зэпеуэм хэтынухэм я документхэр 2011 гъэм гъатхэпэм и 30 щIыпIэдэ ятын хуейщ. *ХэщIапIэр*: Налшык къ., Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 8 (ЩIэныгъэ зэзыгъэгъэтынуэр классым, школым щIэмысу щрагъаджэ Къэбэрдей-Балькъэр республикэ центр).

КIУЖ Иннэ,

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

●Дзэлыкьуэ куей

Ныкьуэдыкьуэхэм Iэнатlэ ират

Дзэлыкьуэ районым и цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэзыгъэпэщ центрым хьыбар кьызэрыдигъэщIамкIэ, абы и Iэшагъэ щIэхэр щIэхэщIауэ Iуэхущ1апIэхэм кьызэрагъэпэщ.

КъАПЩТЭМЭ, нэгъабэ «Альянс» ВВЗ-мрэ «Главспирт» ООО-мрэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым зэхъуэжьныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Регламенту 2004 гъэм щыщыІэм и 21-м Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ №18-ПП-мкІэ кІыштам зэхъуэжьныгъэ хэтхьэзи 59-нэ статьяр мыпхуэдэу тхауэ:

«59-нэ статьяр

1. Федеральнэ е республикэ законэр зэрагъэзащІэм ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм егъэщІылІауэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щрагъэкІуэкІ политикэр зэрыпхагъэкІщыкІэр Парламентым мазэ къэс зэ нэхъри мынэхъ мащІэрэ кьинщытэн хуейщ зыхуэфащэ Іуэхуэр Президиумым и эЛуцІэм кьыщІэту. Президиумым унафэ кьыштамэ, а Іуэхуэр Парламентыр щытепсэлъыхьынуэм хагъэхъэ (адэкІэ кьыдэрыкІуэнур «правительствэ сыхьэтущ»).

2. «Правительствэ сыхьэтым» щодаІэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІэу Іуэхущ ІапІэхэм я Іэтащхьэхэм, апхуэдэу федеральнэ къэрал органхэм я щыналъэ кьудамэхэм я унафащІэхэм жаІэхэм.

«Правительствэ сыхьэтым» ирагъэблагъэ хъунущ нэгъуэщІ кьулыкъущІэхэри.

3. «Правительствэ сыхьэтым» зыщытепсэлъыхьыну Іуэхуэхэр Парламентым и комитетхэм кьихалъхьэ.

Президиумыр апхуэдэу хуитщ яубзыуха планым темыту «правительствэ сыхьэт» кьыдэригъэпэщыну, а лъэхъэнэм тещІыхьа планым хамыгъэхъа Іуэхумкіэ «правительствэ сыхьэт» иригъэкІуэкІыну.

4. Парламентым и дэтхэнэ комитетми дэтхэнэ сессиеми ирихьэлІэу егъэхьэзыр «правительствэ сыхьэтыр» зытрахуэхуэм ящыщ зы Іуэху нэхърэ мынэхъ мащІэ.

5. «Правительствэ сыхьэтыр» зи жэрдэмкІэ ирагъэкІуэкІ комитетращ жэуап зыхьри.

6. Парламентым «правительствэ сыхьэт» кьыщызэрагъэпэщыныкІэ жэуап зыхь и комитетым и унафащІым мы Іуэхум хагъэплъэн папщІэ кьигъэлъагъуэ зэманыр кьэсыным махуитщІ нэхърэ нэхъ мащІэ имыІэжу, Парламентым и Унафэщым ар гуроІэу зытепсэлъыхьыну Іуэхухэр «правительствэ сыхьэтым» хэгъэхьэным теухуауэ икІи а махуэр кьэсыным зы гъэхьэуэ зэхуэку нэхърэ нэхъ мащІэ кьэмынауэ тхыгъэкІэ абы, апхуэдэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал властым щыщу зыхуэфащэ гъэзэщІакІуэ кьудамэм, федеральнэ къэрал органым и щыналъэ кьудамэм я унафащІхэм тхыгъэкІэ хьыбар ирегъащІэ «правительствэ сыхьэтым» а Іуэхум щытепсэлъыхьыну кьигъэув зэманыр зыхуэдэмкІэ.

«Правительствэ сыхьэтым» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІыр е Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и кІуэдэкІэ ирагъэблагъэу щытмэ, абы кьыдэрегъэпэщ а щыхуэхэр Парламентым и УнафэщІым кьригъэблагъэнырэ, зэІущІэр щекІуэкІыну зэманымкІэ, зытепсэлъыхьыну Іуэхуэхэмкіэ хьыбар яригъэщІэнырэ. А псоми кьыдэкІуэу «правительствэ сыхьэтыр» зытеухуэр Парламентым ищІэн хуейщ «правительствэ сыхьэтыр» екІуэкІыным махуищ фІэкІа нэхъыбэ имыІэжу.

Жэуап зыхь комитетым и унафащІым «правительствэ сыхьэтыр» щекІуэкІыну зэманымрэ абы зыщытепсэлъыхьыну Іуэхумрэ теухуа хьыбар Парламентым и адрей комитетхэм ярегъащІэ зи гугъу тщІы зэманым махуибл нэхьрэ нэхь мащІэ имыІэжу.

7. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органым, федеральнэ къэрал органым и щыналъэ кьудамэм я унафащІу «правительствэ сыхьэтым» ирагъэблагъар ельэр абы кьыщопсалъэ, яубзыуха зэманым ирихьэлІэу кьэмыпсэльэныгъэ, ягъэува хабзэм ипкъ иткІэ, ар къэсыным махуищ нэхърэ нэхъ мащІэ имыІэжу тхыгъэкІэ абыкІэ Парламентым и Унафэщым хьыбар ирегъащІэ икІи «правительствэ сыхьэтыр» щрагъэкІуэкІыфыну зэманыр яубзыу.

Ирагъэблагъэ кьулыкъущІэр Парламентым, Президиумым я эЛуцІэм щымыкІуэфхэм дэк Парламентым и УнафэщІым ягурыІуэу абы и пІэкІэ Парламентым, Президиумым я эЛуцІэм ягъакІуэ хъунущ еым и кьуэдэр.

8. Президиумым и эЛуцІэм ящу зыщытепсэлъыхьыр «правительствэ сыхьэтым» щагъэува Іуэхущ.

9. «Правительствэ сыхьэтым» кьыщаІэта Іуэхуэм зэрыщытепсэлъыхьыну зэманыр зы сыхьэтым щІигъу хъунукым. «Правительствэ сыхьэтым» кьыщаІэта Іуэхуэм теухуауэ доклад зыщІым зэману иратыр дакьикъэ 10ощІщ. Доклад зыщІыр къэпсэльа нужь, Парламентым и депутатхэр хуитщ «Правительствэ сыхьэтым» кьыщаІэта Іуэхум хэгъэза ущІэхэр абы иратыну. Абы щыгъэми а ущІэхэр яритыну ящу Іэмал зиІэр жэуап зыхь комитетым и унафащІыращ.

УщІэхэм кьарита жэуапхэм тепсэлъыхьыркъым. Парламентым и депутату Іуэху къэзыІэта кьулыкъущІэм жэуап ярита нужь, а депутат дыдэр хуитщ Іуэхур зыгъэбелджылы ущІэ закъуэ доклад зыщІам иритыну.

Доклад зыщІам ущІэхэм жэуап кьарита нужь, жэуап зыхь комитетым и унафащІым Іэмал ират «правительствэ сыхьэтым» кьыщаІэта Іуэхум теухуауэ кьэпсэльэну. Абы щыгъуэми и кьэпсэльныгъэр дакьикьищІым щІигъун хуейкъым. УщІэхэмрэ жэуапхэмрэ зэфІэкІмэ, доклад зыщІыр кІэухыу кьэпсалъэ хьунущ. А кьэпсэльныгъэр щІигъун хуейкъым.

10. «Правительствэ сыхьэтым» зыщытепсэлъыхьа Іуэхум теуха унафэ кьащІэ. Абы кьыщыгъэльэгъуащ «правительствэ сыхьэтым» кьыщаІэта Іуэхум теуха жэуап кьэрал властым и гъэзэщІакІуэ кьудамэхэм, федеральнэ къэрал органхэм я щыналъэ кьудамэхэм зэфІагъэкІ лъжьыгъэр зыхуэдэр кьыдэрегъэпэщ ящІыну зы Іуэху нэхърэ мынэхъ мащІэ.

Жэуап зыхь комитетыр кІэльэпль кьащта унафэр зэрагъэзащІэ щІыкІэм икІи абы теухуауэ мазих нэхъ мыгувэу Парламентым и депутатхэм хьыбар ярегъащІэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Тхьэмадэ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм мазаем и 28-м
№657 -П-П

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Аппарат» къэрал Іуэхущ Іап Іэ кьыхэзгъэпэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм мазаем и 11-м *№34-ПП*

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Закон №26-РЗ-уэ 2000 гъэм мэкъуаугъуэм и 8-м кьыдэкІам и 25-нэ статьям ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и лэжьыгъэм зэтеухуэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Аппарат» къэрал Іуэхущ Іап Іэ кьыхэзгъэпэщын.

2. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Аппарат» къэрал Іуэхущ Іап Іэм и уставу мыбы щыІыгъэ кьэщтэн.

3. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Аппарат» къэрал Іуэхущ Іап Іэм и лэжьакІуэхэр бжыгъэкІэ 28,5-рэ хьуэ гъэувын, псори зэхэту я мазэ хьэкыыр соми мин 125,36-рэ хьуэ. Абыхэм ящыщу аппаратым и лэжьакІуэ 14-м псоми зэхэту я хьэкыр соми мин 81,89-рэ, зыпэрыт ІэнатІэхэм ельытауэ унэр зезыхь щІыхэрэм я бжыгъэ 14,5-рэ, псори зэхэту я мазэ хьэкыр соми мин 43,47-рэ хьуэ гъэувын.

4. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныкъэ щІы кьуелиІгъэхэмкІэ и министерствэм (Лыджыдэ Хь. П.) зи пащІэм ІэпІэлъэн кІыгъэбгъэдэу иубзыхун хуейщ зэрихьэн папщІэ

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Аппарат» къэрал Іуэхущ Іап Іэм ирагъэбыдыл Іэ къэрал мылъкур зыхуэдизыр.

5. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Аппарат» къэрал Іуэхущ Іап Іэр Іыгъыныкі Іэ мылъкур зыхуэфащэ илъэсым Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэр игъэлъэжьн папщІэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыубзыхуахэм кьыхахьну гъэувын.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МЕРКУЛОВАлександр

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм Кьыдэрымыкіуэ щытыкІэхэр кьэмыгъэхъунымкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ, мафІэсым и шынагъуэ щымыгъэІэнымкІэ и комиссэм хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм мазаем и 24-м *№44-ПП*

Кьыдэрымыкіуэ щытыкІэхэр кьэмыгъэхъунымкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ, мафІэсым и шынагъуэ щымыгъэІэнымкІэ и комиссэм хэтхэм ятеухуауэ

унафэ ещІ:

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм Кьыдэрымыкіуэ щытыкІэхэр кьэмыгъэхъунымкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ, мафІэсым и шынагъуэ щымыгъэІэнымкІэ и комиссэм хэтхэм кьэщтэн мы Унафэм зэрыщІыгъум хуэдэу.

2. Кьары ямыІэжу кьэлытэн:

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм Кьыдэрымыкіуэ щытыкІэхэр кьэмыгъэхъунымкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ, мафІэсым и шынагъуэ щымыгъэІэнымкІэ и комиссэм хэтхэм ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм мэлыжьхьыным и 8-м кьыдигъэкІа унафэ №62-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм мэлыжьхьыным и 8-м кьыдигъэкІа унафэ №62-ПП-м зэхъуэжьныгъэхэр зэхъхьэжьнымкІэ ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм макьыгъэм и 8-м кьыдигъэкІа унафэ №120-ПП-м.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ АБРЭДЖ Іэдыб

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм мазаем и 24-м кьыдигъэкІа Унафэ №44-ПП-мкІэ кьыщтащ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм Кьыдэрымыкіуэ щытыкІэхэр кьэмыгъэхъунымкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ, мафІэсым и шынагъуэ щымыгъэІэнымкІэ и комиссэм хэтхэм

Абрэдж І. Хь . - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и яп къуэдзэр (комиссэм и унафэщІ)

Шагин С. И - Урысей Федерацэм Граждан зыхьумэжьныгъэм и Іуэхухэмкіэ, кьыдэрымыкіуэ щытыкІэхэм я абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІм и унафэщІр (комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ) *(эзгурыІуауэ)*

Амщокъуэ Ф. Къ - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм узынщагъэр зыхьумэнымкІэ и министрыр

Асанов З. И. - ЩІыуэпсыр къэгъэсэбэныным и ІэнатІэм и Іэзыныныныныкі Іэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІм и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Бетрожь А. Хь - Урысей Федерацэм Граждан зыхьумэжьныгъэм и Іуэхухэмкіэ, кьыдэрымыкіуэ щытыкІэхэм я абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІм и къуэдзэм и унафэщІыр - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм кхъуафэжьейхэмкІэ и кьэрал инспектор нэхъыщхьэр *(эзгурыІуауэ)*

